



Evalyasyon Klas 3yèm rive 8yèm Ane nan Eta New York an 2017: Sa Paran yo Dwe Konnen

Chak sezon prentan, yo bay elèv Klas 3yèm rive 8yèm Ane nan tout Eta New York Egzamen Lang e Literati Angle (English Language Arts, ELA) ak Egzamen Matematik. Yo bay Egzamen sa yo chak ane pou mezire nan ki degre elèv yo metrize nòm aprantisaj ki gide anseyman nan klas yo epi ede asire elèv yo sou bon wout pou gradye nan lekòl segondè avèk kapasite pou analize ak evalye yon pwoblèm pou pote yon jijman (panse kritik), kapasite pou rezoud pwoblèm, ak kapasite pou rezonman ki nesèsè pou siksè nan kolèj ak nan travay modèn. Egzamen yo montre tou degre pwogrè lekòl yo ak distri yo fè nan nòm aprantisaj yo. W ap jwenn anba a enfòmasyon sou egzamen 2017 yo.

Egzamen yo pa gen limit tan

- Pa pral gen limit tan nan Egzamen ELA ak Matematik pou Klas 3yèm rive 8yèm Ane 2017 yo, konsa elèv ki bezwen plis tan pou pwouve sa yo konnen ak sa yo kapab fè pral anmezi travay selon pwòp vitès pa yo. Egzamen 2016 yo pa te gen limit tan nonplis.
- Anjeneral, sa vle di depi elèv yo ap travay pou pwodui yon bagay, yo pral gen tout valè tan yo bezwen pou fini egzamen yo, nan limit yon jounen lekòl nòmal.

Mwens Kesyon Egzamen

- Kantite kesyon nan egzamen 2017 yo pral menm ak kantite kesyon pou egzamen 2016 yo.
- Chak nan Egzamen ELA Klas 3yèm rive 8yèm Ane 2016 yo te gen yon pasaj lekti an mwens epi mwens kesyon pase egzamen ane anvan yo. Egzamen Matematik 2016 yo te gen mwens kesyon tou.

Pi gwo Patisipasyon Pwofesè

- Dè santèn edikatè nan Eta New York te patisipe nan kreye ak revize evalyasyon 2017 yo.
- Kòmanse sezon otòn 2015 epi kontinye pi devan, yon pi gwo kantite pwofesè nan Eta New York te patisipe—epi pral kontinye patisipe—nan revizyon tout kesyon egzamen yo ak nan konstriksyon fòm egzamen yo.
- Pwofesè ki soti toupatou nan Eta a te reyini nan Albany pandan tout sezon ete ak otòn 2016 pou evalye epi chwazi kesyon yo pou egzamen 2017 yo.
- Pou pwemye fwa depi tout tan, pwofesè nan Eta New York yo pral ekri kesyon yo pou Egzamen ELA ak Matematik pou Klas 3yèm rive 8yèm Ane. Yo pral itilize kesyon sa yo pou premye fwa nan egzamen 2018 yo.

Rezilta Pi rapid pou Pwofesè yo ak Amelyorasyon Resous pou Paran yo

- Tankou ane pase, Depatman Edikasyon Eta a planifye pou tounen rapò ansèyman yo ba pwofesè yo anvan fen ane lekòl la epi pibliye 75 pousan omwen nan kesyon egzamen yo.
- Epitou menm jan ak ane pase, Rapò Nòt 2017 pou paran yo ap gen ladan yon plan modifye ki pi klè, ak plis enfòmasyon sou sa elèv yo dwe konnen ak anmezi fè nan chak nivo klas. Sa yo pral pare pandan sezon ete a.

Egzamen sou Konpitè

- Nan sezon prentan sa a, sèten distri pral bay Egzamen ELA ak Matematik pou Klas 3yèm rive 8yèm Ane 2017 yo sou konpitè. Egzamen sou konpitè a (computer-based test, CBT) ap gen menm kesyon ak egzamen sou papye a, men elèv yo ap pran tès la sou yon konpitè, tablèt, oswa Chromebook. Eta a planifye pou fè plis distri sèvi ak CBT ane pwochèn.
- Eta a ap ede distri yo chanje pou adopte CBT. Nan yon tan pi long, plan an se pou tout distri sèvi ak CBT pou egzamen chak ane Eta a, paske CBT gen posiblite pou fè evalyasyon yo vin zouti ansèyman ki pi solid epi pral pèmèt jwenn rezilta egzamen yo pi bonè.